Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 40 (7441)
6 октябрь
2020 сон
Талат
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## РДялъул цІияб нухмалъи

**Дагъистаналъул бетІерлъиялдаса гІодов чІана В. Васильев. БетІерасул ишал тІуралевлъун вачІана С. Меликов**



Россиялъул президент В. Путиница Дагъистаналъул бетІер В. Васильев отставкаялде витІиялъе указалда гъоркь гъулбасана. Гьебго указалдалъун заманаялъ РДялъул бетІерасул ишал тІуралевлъун тІамуна Сергей Меликов.

Кремлялъул сайталда лъураб указалда абулеб буго В. Васильев хІалтІудаса гІодов чІанин жиндиего бокьун. Гьев тІамун вуго Путинил гІакълучилъун.

Генерал-полковник С. Меликов вукІана Ставрополь краялъул сенатор, цеве вукІана Росгвардиялъул нухмалъулесул тІоцевесев замлъун, гьелде щвезегІан вукІана Северияб Кавказалъул федералияб округалъул президентасул уполномоченияв вакиллъун. Гьев рикІкІунаан В. Золотовасул гІезегІанго цІар рагІарав премьер-министрлъун.

**Къокъго**

В. Васильевас Дагъистаналъе нухмалъи гьабуна 2017 соналдаса нахъе. Гьеб заманалда жаниб жанир лъуна чанго бакІалъул тІадегІанал хъулухъазда ругел нухмалъулел. Гьел ккола МахІачхъалаялъул мэр М. Мусаев, премьер-министрасул ишал тІуралев ГІ-С. ХІамидов, гьесул зам. ва республикаялъул бетІерасул вац Р. ГІабдулатІипов.

## Баркула учителасул Къо!

ХІурматиял педагогал, хириял учительзаби!

Гьал къоязда дунялалъ кІодо гьабулеб буго бищунго гьайбатаб ва лъикІлъи гІемерал праздниказдасан цояб – учителасул Къо.

Нужер буго кутакалда жавабчилъиялъулаб хІалтІи. Нужеца гІицІго гІолеб гІелалъе кІудияб лъаялъул бечелъи кьей гуребги гьел гІадамаллъунги куцала. Нуж лъугьуна гьезие лъикІал гьудулзабилъун, насихІатчагІилъун, гІакълучагІилъун, психологаллъун, «кІиабилел» эбел-эменлъун.

Нижеца тІадегІанаб къимат кьола нужер унго-унголъунги инсан вокьулел ракІазе, нужер сабруялъухъ ишалъе нужго кьеялъухъ, лъималазде бугеб рокьиялъухъ.

Гьарула, нужее щулияб сахлъи, гъира-цІа, битІккей, бичІчІи буголъи ва талихІ! Биччанте Нужеда сверухъ кидаго букІине адаб-хІурмат гьаби, лъикІлъи бокьи, гурхІел, ракІбохи, Нуж ричІчІулел цІалдохъаби!

Праздникгун, хириял учительзаби!

**Нужер хІурматгун Унсоколо районалъул бетІер ГІ. НУРМУХІАМАДОВ,**
**Районалъул депутатазул Собрание, ЖамгІияб палата**

## БакІал раялда хурхун



29 сентябралда районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас тІобитІана иргадулаб гуреб данделъи. Аслияб къагІидаялда гьенире гьоркьоре росун рукІана батІи-батІиял объектазда территориалиял программабазда рекъон бакІал раялъулгун реконструкциялъул хІалтІаби унел ругеб куцалъул суал.

Данделъиялда гІахьаллъана районалъул бетІерасул замал, отделазул нухмалъулел ва бакІал раялъул рахъалъ жавабиял гІадамал.

Байбихьуда бицана «Формирование комфортной городской среды» федералияб проекталъул. БетІерасул экономикияб рахъалъ зам. Хъ-М. ГІабдулхаликъовасул рагІабазда рекъон гьеб программаялда районалда 80 % хІалтІаби гьарун руго. «ГІарац хвезабун буго кколелъубе. ГІемер кватІичІого киналго хІалтІаби рагІалде рахъине руго»,-ян бихьизабуна гьес.

ЗахІмалъаби руго хІалтІул квер гІолеб гьечІолъиялъул. Гьедин буго иш ГьаракІуни росулъ. «Гьел захІмалъаби рахъизе кинабго гьабе къокъаб заманалда»,-ян бихьизабуна данделъиялда ГІ. НурмухІамадовас. -Гьелъие кумек гьабизе дандеруссун руго нилъ жакъа, хадуб бехъерхъизе гьабуге хІалтІи.

Бицана гьединго «Чистая вода», «Безопасные дороги», «100 школ» программаби гІумроялде рахъинариялъулги.

«Цо гъурущ нахъе течІого лъугІизегІан хІалтІаби гьаризе ккола гьел программабазда рекъон,-ян бихьизабуна муниципалитеталъул бетІерас. – Гьеб буго нилъер районалъе гьабураб кІудияб кумек, нилъеца нилъеде гьабураб божилъи ритІухъ гьабизе ккола, гьелда бараб буго нилъер район цебетІейги тІегьайги».

Данделъиялда тІуразарулел хІалтІабазе рихьизаруна заман ва жавабиял.

## Генуб – хІалтІулаб сапаргун



Араб анкьалда районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас хІалтІулаб сапар гьабуна Генуб росулъе. Гьелъул мурад букІана бакІалъул автомашинаби хьвадулел нухазе капиталияб ремонт гьабулел инспекциялъул хІалтІул хал гьаби.

РакІалде щвезабизин; хІалтІаби гьарулел руго «Мой Дагестан – мои дороги» регионалиябгун приоритетнияб проект гІумроялде бахъинабиялъе. Гьеб проект хІалтІу леб буго Владимир Васильевасул хІаракаталдалъун. 2020 соналда гьаризе ругел хІалтІабазул къадар буго 5 785 145 гъур.

## Транспорталъул налог бакІариялъул группаялъул данделъи

Жакъа районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадовасул нухмалъиялда гьоркь администрациялда тІобитІана транспорталъул налог бакІариялъул группаялъул данделъи. Гьенир гІахьаллъана администрациялъул вакилзаби, районалда бугеб МВД, судазул приставал, налогалъулал, ОГИБДД, росабазул бутІрул ва гь. ц.

Къойил темаялде босун букІана транспорталъул налог бакІариялда хурхун районалда ругел хІасилал. Гьенибго ГІ. НурмухІамадовас тІалаб гьаруна гьоркьоб лъураб суалалда хурхун жавабияз гьабураб хІалтІул отчетал. Гьенибго бихьизабуна налогал ракІариялъулъ захІмалъаби ругин гьел кьезе кколел районалда гьечІолъиялъ,-абун.

«Щибав бетІерас хІалуцараб хІалтІи гьабизе ккола налъулал лъазариялъе, гьабизе ккола гьезулгун гара-чІвари, бице щай хехаб хІалалъ налогал кьезе кколелали. Хехаб заманалда тІубазабе гьеб суал»,-ян бихьизабуна муниципалитеталъул бетІерас.

Администрациялъул экономикаялъул отделалъул хьвай-хьвагІаялда рекъон транспорталъул гьаб соналъул 1 сентябралде руго 5862 единица. 1 октябралде бакІарараб налог бахуна 6 млн. 224,1 азарго гъурущалде. Амма жеги руго 7 азарго чи – налъулал. ГІемераб хІалтІи буго цебе.

Гьединго бихьизабуна цогидал видазул налог бакІарулаго лъикІаб хІалтІи гьабулеб бугиланги. Гьоркьоб лъураб суалалда рекъон жавабияз кьуна тІадкъаял. Бихьизабуна кІи-кІи анкьидасан гьеб суал гьоркьоб лъурал данделъаби ахІизе ва хІасилазул отчетал кьезе.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 40 (7441)
Талат
6 октябрь 2020 сон



ТӀолабго заманаялъ Дагъистаналда коронавирусалъ унтана I3 935 чи. Гьездасан тӀуранго сахлъана I2 056 чи, 655 диагноз COVID-I9 лъурав чи хвана. Жакъа къоялде гьеб вирусалъ унтун ругищали лъазе гьабун буго 57 0796 тест.

Жеги коронавирусалъ гӀадамал унти Дагъистаналда гьоркьоб къотӀун гьечӀо.



Учителасул Къоялде

# Учительлъи махщел гуребги, гӀумро гьабиялъул къагӀидаги ккола

(Районалда цо вугев «Земский учителасул» интервью)




**Учитель ккола цӀикӀкӀинабун бицинчӀониги нилъер лъималазул букӀинесеб жинда бухьарав чи. У, педагог вукӀуна гӀемерисеб мехалда лъималгун, жиндиего щвараб махщалида рекъон кьола гьес лъималазе тарбия.**

**Лъимер гуккизе кӀоларо. Гьелда лъала гьереси, тӀаса-масагоЛъи, педагогасул ракӀ гьечӀолъи, щвалде щвечӀолъи. Гьединлъидалин учитель кколев лъимералъе букӀинеселде ракӀчӀей, рокьи, битӀараб нух бихьизабулевлъун, гьезулъ лъикӀабщиналъе кьучӀ лъолевлъун.**

**Учителасул Къоялъул хӀурматалда нижеца гара-чӀвари гьабуна районалда цого-цо вугев «Земский учитель» МухӀамад ГӀабдулхаликъовасулгун. Нилъер кӀудияб улкаялда, росабалъ, поселоказда, гӀисинал шагьаразда кидаго гӀоларого рукӀуна махщел бугел учительзаби. Гьелъие гӀоло «Земский доктор» аналогияб программаялда рекъон, Россиялда цӀияб проект хӀалтӀизе биччана «Земский учитель»,-абураб. Гьедин цоги шагьараздаса росабалъе, рикӀкӀадал росабалъеги ритӀула учительзаби.**

**МухӀамад ХӀусейнхӀажиевичас къватӀисел улкабазул мацӀазул дарсал кьола ХъахӀаброс дал гьоркьохъеб школалда. ХъахӀабросдерица кин гьесда дандчӀвай гьабурабали, захӀмалъабазул ва хӀасилазул бицана гьес нижергун букӀараб гара-чӀвариялда.**

**-МухӀамад ХӀусейнхӀажиевич, бице дурго хӀакъалъулъ. Киса мун вачӀарав ХъахӀабросулъе? Цеве кив хӀалтӀулев вукӀарав?**

- Дун гьавуна ва гӀуна Балахьуни росулъ. Школа лъугӀун хадув цӀализе лъугьана ДГПУялъул къватӀисел улкабазул мацӀал лъазариялъул факультеталде, щуабилеб курсалда вукӀаго хӀалтӀизе лъугьана дун цӀалигун цадахъ.

Доб мехалъ хӀалтӀана аваразул ЦӀ. ХӀамзатил цӀаралда бугеб музыкалиябгун драматическияб театралда звукооператорлъун. Лъабго сональги хӀалтӀун, диего бокьун ана гьениса нахъе, тӀад вуссана дирго росулъе. ВачӀиндал хӀалтӀизе лъугьана «Унсоколо район» МОялъул администрациялда гӀолилазулгун хӀалтӀи гьабиялъул, спорталъул ва туризмалъул рахъалъ специалистасул ишал тӀуралевлъун. ХӀалтӀана лъагӀелгӀан заманаялъ. Гьенив вукӀаго лъана «Земский учитель» программаялъул. Гьедин вачӀана гьаб росулъеги.

**-Щай ХъахӀабросо тӀаса бищараб?**

-БитӀараб бицани цӀикӀкӀараб букӀана дие гьеб махщалида хурхун тӀаса бищи гьабизе ресал. Амма дие бокьана ХъахӀабросулъе ине. Гьеб буго нилъерго районалда, учитель тӀалаб гьабулезул сияхӀалдаги букӀана гьеб росу. Дида ракӀалде ккана гьаниб гӀагараб районалдаги хӀажат ругин специалистал, гьанибго лъикӀин кумекги,-абун. Дие цӀакъ бокьула дирго район, гӀадамалги гьанир лъикӀал руго. Гьаб росо тӀаса бищиялдаса дун цӀакъ вохарав вуго.

**- Мун рази вугищ ХъахӀабросулъ дуе чӀезарурал шартӀаздаса? Дуцаго гӀумро гьабулеб бакӀалъул бице.**

-ЦӀакъго лъикӀал гӀумро гьабиялъул шартӀал рорхатал мугӀрузда рукӀине тӀалаб гьаби гӀемерго битӀараб гьечӀо. Дие кьурал шартӀал лъикӀал руго. Дун рази вуго. Дагь-дагьккун ругьунлъулев вуго цӀияб бакӀалда. Дихъе кьун буго чӀобогояб рукъ.

**-Кин дуда дандчӀварал учительзаби, цӀалдохъаби?**

-ЛъикӀ, рохун дандчӀвана дида лъимал ва пишацоял. Кидаго ва киналъего кумек гьабула, данде рачӀуна. МукӀурлъизе бокьун буго, дир рекӀелъ гьеб лъикӀ рекъон буго. ГӀемерисел районазул «Земский учительзабазулгун» бухьенги чӀезабун буго дица, цогидал районазде дандеккун дие кутакалда битӀги ккана гӀумро гьабулеб рукъалъул, гьенир ругел шартӀазул, цадахъ хӀалтӀулезул рахъалъ. КӀудияб баркала кьезе бокьун буго школалъул директор М. МухӀамадовичасе, завуч ГӀ. ГӀалиевичасе ва цогидазеги.

**-ВачӀиналдаса ракӀ бухӀанищ?**

-БухӀичӀо, амма чӀалгӀун вуго гӀагараб рукъалъухъ, дирго гӀадамазухъ.

**-Кин дуда кколеб, нилъер заманалда кинаб бугеб учителасул статус. Кьимат гьабулеб бугищ букӀине кколедухъ, кьолеб бугищ нужедехун кӀвар?**

- Жакъасеб къоялъ бищунго кӀвар бугезул цояб ккола учителасул махщел, кьимат кьун бажаруларебгӀанги кӀудияб буго гьелъул кьимат.

**-Кин бугеб хӀалтӀи гьаб коронавирусалъул заманалда. Кин дуда кколеб, дистанционнияб къагӀидаялъ цӀали хадубккун гӀадатияб цӀали гӀадин лъугьинадай?**

-Дистанционно хӀалтӀизе дун ккечӀо, амма лъалеб жо дистанционнияб къагӀидаялъ цӀали гьабулаго гӀемерго гӀодобе ккана лъай, гьеб гӀадатияблъун лъугьун гӀумруялде лъугьинабиялъул бицинецин лъикӀ гуроан. ЦӀалдохъанасулгун чӀагояб гара-чӀвари аслияб буго лъайгун тарбия кьеялъулъ. Гьаниб кӀвараб хӀалалъ хӀинкъи гьечӀолъиги цӀунулаго хӀалтӀи бачуна цӀалул процесс хисичӀого. Рала маскабиги, пайда босула дезинфекция гьабулел жалаздаса, щибаб дарсгун къо байбихьула температура борциналдасан, дезинфекция гьабула кверазе, хутӀарабщинаб цебе гӀадин буго.

**-Баркала интересаб гара-чӀвариялъухъ, хӀалтӀулъ бергьенлъаби, дуе щулияб сахлъи. Нужер тӀолабго педагогазул коллективалда баркула учителасул Къо. Даимлъаги нужер бечедал ракӀазулъ лъай кьей, лъимал ричӀчӀи ва бичӀчӀи буголъи, сабру, ишалъе ритӀухълъи, лъималазде кӀудияб рокьи букӀин!**

-Баркала баркиялъухъ ва лъикӀабщинаб гьараралъухъ.

**Асият МУХӀАМАДОВА.**

ТӀабигӀаталдехун бербалагьи

# Рокъоб гуреб рохьобги хӀажалъула рацӀцӀалъи

Нилъеда киназдаго бихьулебги буго, бицунебги буго, рагӀулебги буго телевидениялдасан дуниялалъулго даражаялда бакӀ-бакӀазда рекӀарал цӀаялги, рухӀулел рохьалги, лъеца гьарулел ругел зараЛалги. Гьелъие руго батӀи-батӀиял гӀиллаби, инсанасда барабги бачӀебги. Россиялда босани рохьал рухӀи ва цӀаял рекӀин гӀемерисеб бараб буго гӀадамазда. Унел руго хӀухьбахъи гьабизе,-ян бакӀ-бакӀазде, ракулел руго цӀаял, хадуб тӀубанго цӀаялги свинаричӀого тӀад руссунел руго. Гьури бахъараб мехалъ тереталдасан гьалагльулеб буго цӀа ва тӀибитӀулеб буго сверухълъиялдаго.

Дие гьаниб бицине бокьун буго нилъерго гьаниб тӀабигӀаталдехун бугеб бербалагьиялъул. Рехсезин цо-цо мисалал. Киназего бокьула рацӀцӀаракъалъи; рукъобги, къватӀибги, сверухълъиялдаги. Амма щаялиго гӀадамаз тӀаса-масаго, ургъел гьечӀого тола жидедаго хадуб рацӀцӀалъи цӀуни. Унсоколо Гебегалилъ бакӀалда букӀана пост № 2. Эхеде унелги эхере рачӀунелги чӀолаан гьенир. ГьабсагӀат гьениб я нуцӀа гуро я гордал гуро, тӀаса шиферги бахъун ун буго бакӀа-бакӀалдаса, жанибги къватӀибги мусоралъул цӀун буго. Дагьал церегӀан къояз хӀалтӀудалъун гӀадамал хьезариялъул централъул (ЦЗН) хӀалтӀухъабазул жигарчилъиялдалъун гьениб сверухъ бакӀ бацӀцӀад гьабун букӀана, амма бакӀарараб жо нахъе босун гьечӀо. Гьединабго ахӀвал-хӀал буго ГӀашилтӀа рохьоб «Ансадерил майдан» абулеб бакӀалдаги. ХӀухьбахъизе арал гӀадамаз жидедаго хадуб рацӀцӀалъи гьабичӀони гьеб лъица гьабилеб?

**(Ахир 4 гъумералда)**



# Отдай свой голос за лучшее фото!

Более 2,5 тысячи работ поступило на фотоконкурс Всероссийской переписи населения! Выбрать самые достойные из них с 1 октября может каждый житель России — народное голосование началось на сайте переписи www. strana2020.ru и в соцсетях.

Фотоконкурс «Страна в объективе» стартовал 30 июня. Его цель — необычно, ярко и эмоционально рассказать о нашей стране в авторских фоторaботах. За три месяца это смогли сделать жители 71 региона России: они поделились своими оригинальными снимками в соцсетях с хештегом #фотоконкурс_перепись и получили шанс на денежный приз. И конечно — высокую оценку зрителей.

Фотоконкурс проходит в трех номинациях.

«Покажи страну ВиПиНу» — красивые виды родного города, района или села и окрестностей с изображением талисмана переписи ВиПиНа.

«Храним традиции» — изображения ярких образов жителей в национальной одежде, фото блюд национальной кухни, обрядов и праздников.

«Семейный альбом» — снимки с несколькими поколениями семьи, где видны родственная близость и теплые отношения людей разных возрастов: родителей и детей, бабушек и внуков...

Поскольку фотоконкурс народный, делать снимки можно было на любую камеру, даже простого смартфона. Главное, чтобы они были исполнены с желанием и со вкусом и были авторскими! Ну и, конечно, соответствовали тематике конкурса.

30 сентября завершился прием работ: после модерации к участию одобрено 2289 снимков.

Наибольшее число фотографий получено в номинации «Покажи страну ВиПиНу» — 1278. С небольшим отставанием идет номинация «Храним традиции» — 918 фотографий. В номинации «Семейный альбом» 457 работ.

Регионы-лидеры по количеству присланных работ: Омская область (279), Белгородская область (202), Республика Саха (Якутия) (112), Ульяновская область (110), Брянская область (107).

Призеры конкурса будут определены в два этапа: с помощью зрительского голосования на сайте переписи и выбора жюри. На первом этапе отдать голос (поставить лайк под фото) может любой зарегистрированный пользователь. Каждый лайк равен одному конкурсному баллу. Голосование продлится с 1 по 7 октября.

Посмотреть фотографии участников конкурса и поставить лайки можно на сайте Всероссийской переписи населения по адресу https://www. strana2020.ru/contest/photo/works/.

По итогам пользовательского голосования по каждой номинации будет сформирован шорт-лист из лучших работ. Победителей и призеров в каждом шорт-листе будут выбирать члены экспертного жюри — в него войдут представители Росстата, организаторов конкурса и фотоиндустрии.

В каждой номинации учреждены три премии: 25 тысяч, 15 тысяч и 10 тысяч рублей, включая налоги. Жюри также присуждает Гран-при фотоконкурса — 50 тысяч рублей. Кроме того, призерам высылаются электронные дипломы, удостоверяющие присуждение им соответствующей премии.

Итоги конкурса будут опубликованы на сайте strana2020. ru и на официальных страницах переписи в социальных сетях не позднее 15 октября 2020 года.

Более подробная информация об условиях и правилах проведения фотоконкурса «Страна в объективе» размещена на сайте (https://www.strana2020.ru/contest/ photo/about.php) и официальных страницах Всероссийской переписи населения в социальных сетях. Заинтересовавшиеся могут направлять вопросы на электронную почту photo@ strana2020.ru.

Всероссийская перепись населения пройдет с 1 по 30 апреля 2021 года с применением цифровых технологий. Главным нововведением предстоящей переписи станет возможность самостоятельного заполнения жителями России электронного переписного листа на портале Госуслуг (Gosuslugi.ru). При обходе жилых помещений переписчики будут использовать планшеты со специальным программным обеспечением. Также переписаться можно будет на переписных участках, в том числе в помещениях многофункциональных центров оказания государственных и муниципальных услуг «Мои документы».

# Продлен приём заявок на участие в программе Развития горных территорий РД

Минэкономразвития РД объявляет о продлении периода приёма заявок на участие в проекте «Социально-экономическое развитие горных территории? Республики Дагестан» до 27 октября текущего года.

В рамках проекта планируется субсидирование по направлениям:

• приобретение оборудования по производству пищевои? продукции и напитков;
• строительство малогабаритных теплиц;
• строительство логистических (оптово-распределительных) центров хранения продукции;
• создание и модернизацию предприятии? по производству промышленной? продукции;
• покупка личными подсобными хозяи?ствами малогабаритнои? сельскохозяи?ственнои? техники.

Приём заявок будет осуществляться на площадках МФЦ Дагестана, а также в административном здании Минэкономразвития РД - г. Махачкала, ул. Абубакарова 67, 2 этаж (201 кабинет) в рабочие дни с 10 до 16 часов, тел 8 (8722) 68 -12 -24; 67-20-10.

# «Мои года – моё богатство»

1 октября во всем мире отмечали Международный день пожилых людей. Эта дата – еще один повод обратить внимание на проблемы пожилых людей, проявить к ним свою любовь, заботу, оказать поддержку и уважение.

Сказать им, что они не одни. И очень нам нужны…

Почтению к старшим нас учат религия, законы государства, традиции наших народов.

Поэтому в этот день мы решили еще раз вспомнить про наших пожилых и рассказать о том, какую помощь и поддержку им оказывают социальные работники нашего района.

Всего в Унцукульском районе на учете состоят 455 пожилых граждан, которым оказывается социальное обслуживание на дому и которые обслуживаются отделением дневного пребывания граждан пожилого возраста.

Работой с пожилым населением занимается 4 специалиста вместе с заведующими отделений и социальными работниками. Есть среди пожилых и инвалиды различных категорий.

По словам директора КЦСОН в Унцукульском районе Азра-Айшат Гимбатовой, на защиту прав и интересов пожилого населения Унцукульского района направлена вся деятельность социальных работников, в том числе моральная, трудовая, правовая поддержка и помощь.

«Основная цель деятельности соцработников заключается в профилактике, поддержке и представительстве прав и интересов наиболее уязвимого слоя населения - пожилых граждан, - рассказывает Азра-Айшат Магомедовна. - Соцработники оказывают социально-правовые, социально-бытовые, социально-медицинские, социально-трудовые и социально-психологические услуги пожилым людям. Ну, например, такие, как выявление лиц, находящихся в трудной жизненной ситуации, приобретение и доставка на дом продуктов питания, помощь в приготовлении пищи, доставка воды, растопка печей и уборка жилых помещений, оказание помощи в получении юридических услуг и многое другое».

Таким образом реализуется соцработниками и социальная политика нашей страны. Ведь она направлена именно на то, чтобы помогать пожилым людям во всех сферах их жизни и деятельности.

По словам руководителя КЦСОН, периодически на региональном и местном уровне проводятся различного рода благотворительные акции для пожилого населения, в том числе акция «Мы вместе», которая проводилась на Всероссийском уровне в несколько этапов.

В ходе проведения акции пожилому населению старше 65 лет были вручены продуктовые наборы с необходимым составом.

Эта акция проводилась по всей стране в период пандемии короновируса и в рамках ее проведения Министерством труда и социального развития РД в МО "Унцукульскии? раи?он" было направлено в общем количестве 469 продуктовых наборов.

Обязанности по реализации и доставке этих наборов до адресатов были возложены на КЦСОН в МО «Унцукульскии? район».

Так, социальные работники и специалисты Центра в несколько этапов повсеместно занимались доставкой продуктовых наборов до пожилого населения (граждане выше 65 лет) в селах нашего района.

Мы поинтересовались у Азра-Айшат Магомедовны, как отразилась на наших пожилых эпидемия короновируса и какие еще меры предпринимались для их защиты и безопасности в этот непростой период.

«Мы делали все, чтобы оградить их от заражения короновирусом, ведь пожилые, как известно – одна из самых уязвимых к вирусу категория граждан. Были введены некоторые ограничения, соцработники занимались покупкой и доставкой первых необходимых медикаментов-дезинфицирующих средств, защитных масок и необходимых лекарств.

Вся работа была направлена на то, чтобы обезопасить жизнедеятельность старшего поколения и поспособствовать улучшению их благосостояния», - рассказала Азра-Айшат Гимбатова.

Мы поздравляем всех пожилых людей нашего района с Международным днем пожилых людей! Давайте сегодня сделаем что-нибудь.

приятное и полезное для наших старших. Подарим открытку, купим им хлеб, продукты, сделаем уборку или просто выслушаем их.

Помните, что ни помощь государства, ни правильное питание, ни что-либо еще не заменит им внимания родных и близких людей.

Заходите к ним почаще. Обнимайте, целуйте, общайтесь.

Они этого ждут…

**А. Магомедова**

# Рокъоб гуреб рохьобги хIажалъула рацIцIалъи



Хъизаналгун, лъималгун, гьудул-гьалмагълъигун уна хIухьбахъи гьабизе. Гьеб лъикIаб иш буго. ТIад руссунаго цо 15-20 минуталъ киналго цадахъ лъугьун пакетабахъ лъун бегьилярищ гьеб бакIалдаса мусор нахъе босизе. Амма нагагьав чияс гурони рацIцIаракъалъи цIунулеб гьечIо т1абиг1атада.

Нухаздасан бихьула бакI-бакIазде рехарал шушбиги, гIалагъважаги, пакеталги, батIи-батIиял банкабиги. Гьадин нилъ ругони нилъер анире туристалги къватIиса гIадамалги кин, щиб гьирагун рачIинел?! ЧIахIияз лъикIаб мисал бихьизабуни, узухъда гIисиназги гьездасан мисал босилаан сверухъ рацIцIаракъалъи гьабиялда хурхун. Цогидаз гьабизе,-ян течIого, живас жиндаго хадубги рацIцIалъи гьабе, нилъги гIадамаллъидал кколел. Дуца гьабулищан дида гьикъани, дица гьабула. Щибаб къойил хIаракат бахъула дица Гебегалилъе унаго нухда батараб гамачI букIа, шиша букIа нухдаса нахъе босун нухал рацIцIад гьаризе. Гьабизе кколеб жо гуреб батани яхI-намусалъ тIамизе ккола нилъ гьедин гьабизе. Аллагьасе гIоло нилъеца щибха гьабулеб бугеб? Ургъе щивав чи, жинца щибаб къойил кинаб лъикIаб иш гьабурабали. Гьедин дагьаб-дагьабниги хIалтIи гьабуни, нилъер иманияб рахъ цIикIкIинаан, лъикIлъилаан. Аллагьас щивав чи кантIизавеги лъикIаб гьабизеги, квешаб тезеги.



**Сулейман МУХIАМАДОВ.**

# Спорт цебетIезабиялъул суалгун



Гьал къоязда Шамильхъала поселокалда Лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалда районалда спорт – гугари цебетIезабиялъул федерациялъул президент Гъ. ГIабдулаевасул хIаракаталдалъун спорт цебетIезабиялда хурхараб дандчIвай букIана. Гьенир гIахьаллъана районалъул администрациялъул вакилзаби, ДЮСШалъул директор ТI. ШагIбанов, тренерал, ДЮСШялъул хIалтIухъаби, гьалбал ва тIаде ахIарал.

Жиндирго кIалъаялда Гъ. ГIабдулаевас бихьизабухъе Унсоколо районалъул кидаго цIар ун букIана жидерго бахIарзаздалъун, цIар арал личностабаздалъун. Гьединлъидал гьезул цIаралъе мустахIикъаллъун куцазе ккола гIун бачIунеб гIел, гьезул рокьи бачIинабизе ккола спорталде, гIумро гьабиялъул битIараб рахъалде. «Районалда спорт букIине ккола мустахIикъаб бакIалда. Гьелъие нилъер руго киналго ресал, кIвар кьуни кинабго лъугьуна»,-ян бихьизабуна гьес. – Унсоколо районалда буго чанго лъималазулгун гIолилазул школал. Цадахъ хIалтIизе ва цолъизе ккола. Цо мурадлъидал нилъер бугеб – районалда спорт тIадегIанаб борхалъиялде бахинабиялда хурхун.

Гъ. ГIабдулаевас ТI. ШагIбановасда баркана Шамильхъала поселокалъул ДЮСШялъул нухмалъулевлъун тIами ва бихьизабуна хIалтIи цебе бачиналъе кинабго кумекги кверчIвайги гьабизе бугин. «Ахульго» ДРООялъул дирекциялъул рахъалдасан Гъ. ГIабдулаевас ТI. ШагIбановасе ракIалде щвеялъе сайгъат гьабуна имам Шамилил сурат.

Районалъул администрациялъул рахъалдасан дандчIваялда кIалъана культураялъул отделалъул нухмалъулев ГI. ГIабдулаев. Гьес бихьизабуна киналго гъункизе кколин ДЮСШялъул нухмалъиялда нахъа ва киназго хIалтIуе кверчIвай гьабизе кколин.

Пайдаяб малъи

## Гузрил хьон – тIулалъе

Гепатит бугез гузрил бакъвазабураб хьон тIаса хъал бахъичIого тIаде зайтуналъул (оливковияб) нахги тIун лъел банялъуб 60 с букIунедухъ хинлъизабе. ТIокIкIине те кIиго сагIаталъ. Хадуб анкьалъ те гьогьомараб бецIаб бакIалда лъун. Анкьидасан цIуй лъугьараб лъамалъи.

Гьекъе I чайгъуд къойида жаниб щуго нухалъ кваналалде бащдаб сагIаталъ цебе.

### РЕКIЕЦА ОТДЫШКА КЬОЛЕБ БУГОНИ

ЦIияб мичIчIил буссараб жо жубазабе гьебгун бащадаб найил гьацIулъ (I:I). I4 сагIаталъ бецIаб бакIалда лъун те ва замазаманалдасан цоцалъ жубазабе. Хадуб лъугьараб лъамалъи гьалдезабе лъел банялъуб. ЦIуй гIемер чIва-чIвазабураб марлиялъ, ахиралда хутIараб гъорлъе къанцIуй. Холодильникалъуб лъе. Щибаб къойил 4-5 нухалъ 1 чайгъуд цIун гьекъе цо моцIрол болжалалда.




Лъалищ нужеда?

# Бежараб квен – рекIел тушман

(Жакъа къоялде чIезабун буго бежараб квен рекIелгун бидурихьазе аслияб тушман бугилан. Щай?)

Бежараб кваница, жеги выпечкаялъ цIикIкIарал килограммал рахинарула черхалда тIаде. Амма кинаб бухьенха гьаниб бугеб рекIелгун. Бищунго битIараб. ЦIикIкIараб къадар гьан тIаде бахиналъ хIалтIизе захIмалъула рекIеегун бидурихьазе. Гьединав чи рекIелгун бидурихьазул унтиялъ унтичIого хутIуларо. ГIицIго гьелъ гуребги унтула. Цебе гьединал унтаби раккиялъе гIайибиябльун чIезабулаан кванил холестерин – хIайваназул къаралъи. Гьелдасан хIисаб гьабун лъикIаблъун бихьизабулаан гьанал, беэнлъи бугел, рахьдалал продуктаби, гьан кванай дагьлъизаби.

Амма ахираб заманаялъ бичIчIана рекIелгун бидурихьазул унтаби ккеялъе гIайибияб букIин холестерин гуреб трансжирал. Гьел ккола хIайваназул рачIарал беэнал кислотаби хисизарун, искусственияб къагIидаялъ гьарурал нахал ва гьел рукIуна гIемерисел нилъецаго кваналел; кексалъ, печеньязулъ, сухарикалъ, чипсалъ. Трансжираз тIаде бахинабула квешаб холестериналъул къадар ва гIодобе ккезабула лъикIаб холестерин бидулъ. Тукадул квенал гIемер кваналезул рекIел унти хехго ккеялъе цIикIкIараб ресги буго. Масала, гIицIго 2 % трансжиразул колорийность цIикIкIинабунигицин хIинкъи цIикIкIараб буго рекIел унти хехго ккеялъе. Анкьида жаниб цо нухалъгIаги ччугIа яги ралъдал продуктабазул квен нилъеца кваналеб бугони, гIезегIанго гIодобе бачIуна рекIелгун бидурихьазул унти лъугьине бугеб рес.

БитIараб къагIидаялъ кванай гIуцIиялъ гIемерго дагьлъула бидулъ холестерин ва гьелъ чиясе кьолеб зарал.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Газета основана 1937 г.**<br><br>**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**<br><br>**Главный редактор**<br><br>**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА** | **Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**<br><br>**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**<br><br>**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.** | **Адрес редакции:**<br>**51373**<br>**Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**<br>**Телефон редактора 89896522856**<br>**sadovoduns@yandex.ru**<br>**398940** | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br><br>Подписано в печать - 5.09.20 г. 17.30<br>фактически -18. 05 мин.<br>........................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 1000 экз. |